ISSN 0207-6551

# НУР

6
2019

6+



## ГЪЭМАХУЭЩ

Ди еджакIуэ щIагъуэхэ, фи зыгъэпсэхугъуэ мазищымкIэ дывохъуэхъу. Фыхэхъуэ, фытхъэ, вгъахъэ!

*ТХЬЭГЪЭЗИТ Зубер*

## ЖЭУАПЫНШЭ УПЩIЭ

– Хэт уэ лъагапIэм ухуезыгъэджар?
– Мо пшэхэм щIэуэ къуршхэрщ, си ныбжьэгъу.
– Ухэплъэу кууэ хэт уезыгъэсар?
– Тенджызыжь щIэншэр аращ, си ныбжьэгъу.
– Хэт уи гур гъащIэм хуэблэу узыпIар?
– Зи нурым щымысхь дыгъэрщ, си ныбжьэгъу.
– Хэт лъагъуныгъэр зыхозыгъэщIар?
– Гъэ къэс си хьэщIэ гъатхэрщ, си ныбжьэгъу.
– Хэт уи гур къабзэу уэ укъэзылъхуар?
– Нэр щIэзысыкI уэс хужьырщ, си ныбжьэгъу.
– Хэт уэ пыIэпIэм упызыгъэкIар?
– Мо жьыбгъэ щымысыфырщ, си ныбжьэгъу.
– ЖыIэт, гуфIэкIэ хэт уэзыгъэщIар?
– Мо вагъуэ цIыкIухэрщ, мазэрщ, си ныбжьэгъу.
– Гуауэм уигъэткIуу хэт уэ узыщIар?
– Мо пшэ фIыцIэжь нэпсыбэрщ, си ныбжьэгъу.
– Хэт гупсысэным уэ ухэзыдзар?
– Гупсысэм хэмыкI мэзырщ, си ныбжьэгъу.
– Хэт хьэлэлыгъэм уэ ухуэзышар?
– Уэшхымрэ щIымрэ я псэрщ, си ныбжьэгъу.
– Уэ уи гум и бжэр хэт зэIузыхар?
– Гъэмахуэ уафэ бзыгъэрщ, си ныбжьэгъу.
– Хэт уэрэд жыпIэу уэ уезыгъэджар?
– Уафэгум ит бзу цIыкIухэрщ, си ныбжьэгъу.
– Хэт пцIыупсыным уэ уезыгъэсар?

...ЦIыхум жэуап абы къримыта.
КъриIуэжыну и цIэр укIыта?!

## СИ НЫБЖЬЭГЪУ

Си ныбжьэгъум пщIэ хузощIыр,
Дэ тIур дызэрогъэпэж.
Дызэкъуэтмэ, лэжьыгъэфIхэр
Идохьэкl, дымыщIэу зэш.

Унэщхъейуэ ныбжьэгъуфIыр
Услъэгъуамэ, си гур хощI.
КъысхуэпIуатэм уи гум щыщIэр,
БдэсIыгъынущ, щIы уи фIэщ.

Уэ къуэшыфIым ухуэзгъадэу
СыбдэщIыгъущи, сохъу нэхъ лъэщ.
Дэ пэжыгъэр ди яку дэлъу
ДыздокIуэкIри, гъащIэр нэхущ.

Бзум и дамэр имыIамэ,
Уэгум зэи имытынт.
Ныбжьэгъугъэр щымыIамэ,
Сытым ди гур щIиIэтэнт?!

СогъэлъапIэ ныбжьэгъугъэр,
Ар псом япэ изогъэщ.
Дэ пэжыгъэу ди яку дэлъыр
Ди къаруэ – дызэкъуэтщ!

## СИ ХЭКУ

Си лъахэу адэжь щIыналъэ,
ЩIэращIэу адыгэ Хэку,
Си усэмкIэ Iэ ныбдызолъэ,
Си гурылъ къабзэм щIэдэIу!

Сыт Хэкур узэрымыфIыр?!
Уи губгъуэм бэвыгъэ изщ.
Бгы нэкIухэм удзхэр щогъафIэ,
Уи хъуреягъкIэ мэзщ.

Уи псышхуэхэм я даущым
Уэрэду сэ сыщIодэIу.
Бгы лъапэм къыщIэж уи псынэм
КъабзагъэкIэ псэр етхьэкъу.

Сэ уэркIэ хуабжьу согушхуэ,
ЩымыIэ, Хэку, узыпэсщI.
Сыхабжэу уэ уи лIы Iущхэм
Сэ сыпсэунщ, щIы уи фIэщ!

***КЪЭШЭЖ Беслъэн***
*Дзэлыкъуэкъуажэ,*
*7-нэ кл.*





# IУТIЫЖ Борис и цIэр зезыхьэ сабий цIыхубэ театрыр илъэсипщI ирокъу

**Сабий театрым илэжьам я гугъу пщIымэ, гъэщIэгъуэну, Iэзэу, щIэблэм гъэсэныгъэ щапхъэ яхуэхъуу, абы щагъэуващ ЩоджэнцIыкIу Алий и «Къамботрэ Лацэрэ», Чхеидзе Александр и «Хэди къыхэх», IутIыж Борис и «Нартхэм я дыгъэ», «Тыргъэтауэ», «МафIащхьэтыхь», Лермонтов Михаил и «КIуэрыкIуэсэж», Чуковский Корней и «Тараканище» спектаклхэр, нэгъуэщIхэри. ГурыIуэгъуэщ а театрым адыгэ, урыс классикэм гулъытэ хэха зэрыхуищIыр.**



Къэбэрдей-Балъкъэрым гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ ***ТХЬЭЗЭПЛЪЫЖ Ислъам*** куэдым я Iэр къызыпемыкIуэкIын Iуэху дахэ иублэу игъэлэжьэну хузэфIэкIащ. 2009 гъэм сабий творчествэмкIэ республикэм и Уардэунэм щызэхиша «Художественнэ псалъэ» литературэ зэгухьэныгъэр иджы цIыхубэ литературэ театрщ, ***IУТIЫЖ Борис*** и цIэ лъапIэр зэрихьэу! Мы гъэм илъэсипщI ирикъу гупжьейр щылажьэр Налшык и 32-нэ гимназиерщ.

Тхьэзэплъыжым сабийхэр хуегъасэ драматургием, утыку итыкIэм,артист IэщIагъэм и щэхухэм. Режиссёр-егъэджакIуэм и лэжьыгъэхэр апхуэдизкIэ зыхуей хуэзащи, къалэдэсхэми адэ-анэхэми я пащхьэм щIэх-щIэхыурэ щагъэлъагъуэ. Ар куэд щIакъым ди нэгу зэрыщIэкIрэ. Иджыблагъэ ягъэлъэпIащ театрыр илъэсипщI зэрырикъур. Гъэ лэжьэгъуэм къарикIуахэр къыщапщытэж пшыхь хъуат ар. Къызэхуэсахэм ирагъэлъэгъуащ IутIыж Борис и «Тыргъэтауэ» пьесэм къытращIыкIа спектаклым и япэ Iыхьэр, ЩоджэнцIыкIу Алий и «Къамботрэ Лацэрэ» усэ романымрэ Лермонтов Михаил и «КIуэрыкIуэсэж» бгырыс хъыбарымрэ щыщ пычыгъуэхэр, театрым къыхыхьагъащIэ цIыкIухэр усэ кърагъэджащ. IутIыж Борис и цIэр зезыхьэ Щэнхабзэ-творчествэ центрым Ислъам фIыщIэ хуищIащ. Сыт хуэдэ Iуэху театрым къылъыкъуэмыкIми, фащэ, нэгъуэщI-къинэмыщI хуей хъуми, а Iуэхущ1апIэр я щIэгъэкъуэнщ. IутIыж Борис и бынхэу Шумахуэрэ центрым и унафэщI Лалуцэрэ утыкум къихьэри я адэм и фэеплъыр зэрагъэлъапIэм папщIэ хъуэхъуащ, артист ныбжьыщIэхэм ЩIыхь тхылъ, саугъэт иратащ. Къызэхуэсахэм ягу ирихьащ, псалъэ гуапэ жраIащ, дяпэкIэ ехъулIэныгъэ куэд яIэну ехъуэхъуахэщ IутIыж Борис и адыгэбзэ къулейр, анэдэлъхубзэр зыгъэбзэрабзэ джэгуакIуэ цIыкIухэмрэ я гъэсакIуэмрэ.



Лъэпкъым хъугъуэфӀыгъуэшхуэ къыхуэзыгъэна драматургщ, щӀэныгъэлӀщ, философщ ӀутӀыж Борис. Абы и ӀэдакъэщӀэкӀхэр нэхъыбэм къегъэщӀэнырщ Ислъам театрым и пщэрылъу къилъытэр. Абы къыкӀэлъыкӀуэр – Ӏэпэдэгъэлэл хъуауэ лей къызытехьэ адыгэбзэр къалэдэс сабийуэ театрым къекӀуалӀэхэм къегъэщтэнырщ. Ар абы фӀы дыдэу къохъулӀэ – и нэӀэм щӀэт ныбжьыщӀэ 15-м (школыр къэзыуххэр гупым щыхэкӀыжым ирихьэлӀэу къыдэкӀуэтейхэр къыхегъэхьэ) адыгэбзэ гъэхуа яӀурелъхьэ.

Зи ӀэщӀагъэм фӀыуэ хэзыщӀыкӀ цӀыхур гумызагъэу и гъэсэнхэм яхущытмэ, аракъэ ехъулӀэныгъэм и щэхур! Ислъам гъэсэныгъэм гулъытэ хэха хуэзыщӀ егъэджакӀуэ-гъэсакӀуэ Ӏэзэщ. Сабийм зэрепсэлъэну бзэр, бгъэдыхьэкӀэр ещӀэри фӀыуэ къалъагъу, адэ-анэхэри къыхуэарэзыщ. НыбжьыщӀэхэм я бзэр псынщӀэрыпсалъэхэмкӀэ еузэщӀ, спектаклым къащылъыс псалъэ яригъащӀэхэмкӀэ абы я гурыхуагъэм зрегъэужь. Мы гъэм зи ныбжьыр илъэс 75-рэ ирикъуа гъэсакӀуэми, мы театрым хуэлажьэ псоми дохъуэхъу ехъулӀэныгъэ яӀэу, дагъэгушхуэу куэдрэ лъэпкъ утыкур ягъэбжьыфӀэну!

***ИСТЭПАН Залинэ***





*Адэ-анэхэм папщІэ*

## НАРТ ЭПОС

Эпосыр – лъэпкъым и лІыгъэ хъыбархэр усэбзэу щиІуэтэжырщ. Дунейм эпос зиІэу тетыр лъэпкъ зырызщ. Адыгэр абы дащыщщи, нарт хъыбархэр ди напщІэ телъу тІурылъщ. ІуэрыІуатэр тхылъым тептхэкІэ тезагъэркъым, и псэр щыхэтыр зы жьэм жьэдэкІым – зы жьэм жьэдыхьэу щыІум и дежщ. Арагъэнщ илъэс мин бжыгъэкІэ ди лъэпкъым Іурылъа хъыбархэр тхыгъэ ямыщІу ІукІэ щІахъумари. Иджы япэу ІуэрыІуатэр *(а зэрыІум хуэдэу)* тхылъымпІэм тригъэзэгъащ Црым Руслан.

– Щхьэ тхылъ ищІа? – Адыгэм тхылъ дахэ димыІэурэ «тхылъеджэм я вагъуэижыр» къэблэгъат, адыгэбзэ тпыІукІуэтым ди дунейр здихьырт, нартхэри щІыгъуу... ар къэпхъуэтэжауэ гъэбзэрэбзэжын хуейт, тхылъу Іэм илъу, сурэту нэм илъагъуу, пшыналъэу Іуу э!

– Нобэ адыгэбзэр сабийм зэредгъащІэ пэжырытхэм тету тхылъыр щхьэ мытхарэ?

– Илъэс мин бжыгъэ хъу ІуэрыІуатэм и къарум илъэсищэ иримыкъуа тхыбзэр пэлъэщынут? Образ дахащэ-псэм едэхащІэхэр фэрыщІыбзэ, «къущ» дэхъунти! Ар къыгурыІуэри гум зэрилъым, Іум къызэриІукІым хуэдабзэу тхылъымпІэм трилъхьащ.

Сурэтылъэ-пшыналъэ тхылъыр сытым хуэдэу щІагъуэ хъуа!

Балигъхэр дызыгъэчэнджащэ, адыгэбзэм ирилажьэхэр дыхэзыгъаплъэ упщІэ нагъыщэщ мы тхылъыр, зыхуэгъэзари дэращ. АрщхьэкІэ сабийхэмкІэ гурыфІыгъуэшхуэщ, псэхэлъхьэж анэдэлъхубзэр зи къигъэхъуапІэ пшыналъэщи, дакъыхуевгъаджэ. ФызыІэпишэнущ.

*(Мы тхыгъэм нагъыщэ хэткъым, къызэрытпсэлъым хуэдэу псалъэхэр тхащ, һ-м гь-уэ фыкъеджэ(хь-р щабэу). Ар жьэрыІуатэбзэм хэт макъщ, ауэ хьэрфкІэ къэгъэлъэгъуакъым)*

***АБРОКЪУЭ Беллэ***

## НАРТҺЭР

***

Бэдынокъуэ
гуыщапІэм къолъэ
Бэдынокъуэ
мэбакъуэ мэзокІуэ
Бэдынокъуэ
мэзокІуэ мэзожэ
жэрыгъэм тету
тхъуэрапІцІэ псыгъуэм
и бгыр еуыбыд
щІыуынэм быдэу
къыщегъэджэгу
и джатэгъабзэр
еуыблэ
Лъэпщыбзэм
ІэщакІуэ зыхуещІ
и хьэри и бгъэри
къегъэІуырыщІэ
щІыуынэрыпІ'у
нартһэ ди Бэдынокъуэ
лІыпІэ йоуывэ
пІІуыр дадэмрэ нанэмрэ
зыщамыгъэнщІ'у
лъэ быдэкІэ мэуыв

(Бэдынокъуэ)

***

Ашэмэз щІалэ
зешэщІ
зеуыкъуэдири
гуыщэу зыхэлъым
и бже натІитІыр ІуещІыкІ
згъэпщри
выфэ гуыщэпсыр зэпеч
чэщеуэрэ
и гуыщэ башыр зэпегъэлъэлъ
гуыщэм къолъэри
лъэгуажьапщэм къэсу
лъэгуыр пхырех
бжыщхьэдыкъуакъуэм
и бжыкІыр еуыбыд
бжьэмир къепхъуатэ
нартыжь зэхэтһэм
къахолъадэ
дэджэгуэгъу ещІри
бжыщхьэдыкъуакъуэр
яхуегъэдалъэ
дэпІкІе-дэлъеуэрэ
бже уынэ лъэгуыр
зэщІегъэсысэ
зэщІэсысэу
нартыжь зэхэтһэм
я щхьэр ящІ


Ts 17



зыкъещIэжри
мыцIыху Емынэ
зыщIелъэфыж
нарт Тхьэмадэжьу
Нэсрэн ЖьакIэху
гуырыгъу-гуырысщ:
— ди псэм и хъуахуэу
мы зи къэхъуыгъуэр
игъуэджэу хуытыкъуэрэ
къэмыхъуыпс Iуыхуэм
гуыгъапIэу диIэм
дыхэкIыжаIэ
жьыи лъэмыIэсу
дыгъэпси темыпсэу
щIыуынэ щэхуым
къыщытхуырехъу жи...

(Ашэмэз)

***

Жьапщэшхуэ къыкъуоури
уэри щIыри дэгызу
блаежьыр къыпопщ
щхьиблри зэблэууэ
зым шэрэзыр къехъуыщт
зым мафIэр къегъэст
зым псывэр къеуытх
зым псыхъуиблыр догъуагъуэ
зым гъуахъуэр егъэш
зым пшагъуэр къегъэу
зым уэфыр къегъэпхъ
ери-и-и-еу
уэ ди ТIотIэрэш
ТIотIэрэшу шу закъуэ
ТIотIэрэшу шу ябгэ
шыгъуэ тхыпIцIэ бланащхьэм
щIопщ щэ уэгъуэ нырех
зыныхешиикIри
лъэрыгъыпсыфэм къокIуэт
хуэш джатэр къырех
и Iэдакъэм щIелъэф
мыкъуытыкIыр егъэпс
и мэIуыпсыр ешэщI
зэмыщIысу мэпIкIатэ
джатэ гъабзэр еуыблэ
блае щхьихыр пегъэщ
щхьэ ебланэм щынэсым
и шэрэзыр къехъуыщт
щтэуыч хъуаскIэр къыхуепхъ
лIыхъу пхъашэм зеуыхуэри
хуэш джатэр мэхъуэпскI

(ТIотIэрэш)

***

Санэхуыбжьэр еIэтри
Сосырыкъуэ мэхъуахъуэ:
– нартIэ я лъапсэр
хъуапсапIэ лъапсэу
нартIэ я лъахэр
хъуапсэгъуэ лъахэу
Хабзэр я лъагъуэу
лъагъуыныгъэр щыгуащIэу
я гуащIэр мыкIуэщI'у
я гъащIэр гъэпсауэ
я Псалъэр быдэу
я уыдын мыгъуыщу
я пщащэр цIадэу4
я щауэр хахуэу
я фIыр яIэту
я Iе щIамыуыфэу
фыгъуэр я мащIэу
ящIэм Iэфl щIэлъу
зэрыгъэлъапIэу
щхьэж и пIэр ищIэжу
жылагъуэ Iуымахуэу
сыт хуэдэ Iуэхуыгъуэри
IуэхуТхьэбзэкIэ щекIуэкI'у
Тхьэгъуышыр щышэрашэу
Тхьэбзэр щыбзэрабзэу
Тхьэм къытхуызэпищэ...

(Сосырыкъуэ)

# Адыгэ хабзэ

*(Гъуэгу тетыкlэм ехьэлlахэр)*

Фlэхъус, цlыкlухэ! Сэ иджы «Нур» журналым и напэкlуэцlхэм сыщыфхуэзэурэ ди нэхъыжьхэм къысхалъхьа гъэсэныгъэмкlэ сывдэгуэшэнущ. Ар сытым хуэдэу си гуапэ! Си цlэр Аминэщ. Азэмэт си дэлъху нэхъыжьщ. Алим си дэлъху нэхъыщlэщ. Дэ диlэщ адэ, анэ, адэшхуэ, анэшхуэ. Сытым хуэдэу гуапэ абыхэм дэр щхьэкlэ «дунейм фlыгъуэу тетым нэхърэ нэхъыфlщ мы сабиищыр» щыжаlэкlэ! Фэри, цlыкlухэ, апхуэдэ дыдэу фыкъалъагъу фи нанэхэмрэ дадэхэмрэ. Сыт хуэдизым дыхуагъасэрэ дэ абыхэм!

Гъуэгум тlу ухъуу ущытеткlэ ижь-сэмэгум (правая-левая ст.) мыхьэнэшхуэ иlэщ. Пщlэ нэхъ зыхуащlыр, ягъэлъапlэ цlыхур здагъэувыр ижьымкlэщ.

## Цlыхубзыр-лъапlэщ!

**1** Алимрэ сэрэ е Азэмэтрэ сэрэ зыщlыпlэ дыщыкlуэкlэ, сытым дежи ахэр сэмэгумкlэ, сэ ижьымкlэ соув. Дадэ е папэ сригъусэми, ижьыраб-гъур сэ къыслъагъэс. Цlыхубзыр хабзэм егъэлъапlэ.





## Зэщхьэгъусэхэр

**2** Папэрэ мамэрэ зэгъусэу гъуэгум щрикlуэкlэ папэ ижьырабгъум щытщ. Ар згъэщlагъуэу:

– Хабзэм щхьэ темытрэ? – жысlэри нанэ сеупщlати, абы и щэхур къызжиlащ. – Зэщхьэ-гъусэхэмэ,ижьырабгъур зылъысынур унагъуэм пщlэ нэхъ щызиlэ цlыхухъуращ. Мис, сэри дадэ и сэмэгурабгъумкlэщ сыздэувыр, пщlэ зэрыхуэсщlым къыхэкlыу, тlэкlу си япэ изгъэщу.



## Нэхъыжь-нэхъыщӀэ

**3** ЦӀыхухъухэм ижьымкӀэ сагъэув щхьэкӀэ, мамэ е нанэ саригъусэу зыщӀыпӀэ сыкӀуэмэ – ахэр ижьымкӀэ щытщ, нэхъыжьхэщи, сэ сэмэгумкӀэ соув.

**4** Алим ди унагъуэм щынэхъыщӀэщ, щӀалэ цӀыкӀущи, псоми я сэмэгурабгъумкӀэщ здэщытыр.

**5** ЗэкъуэшитӀыр зэгъусэмэ, Азэмэт ижьымкӀэ щытщ, нэхъыжьщи.

**6** Си ныбжьэгъу хъыджэбз цӀыкӀухэм ящыщ си гъусэмэ, дэнэкӀэ сыщытми, мэхъу. Си дэлъхухэри аращ – езыхэм я ныбжь щӀалэ цӀыкӀухэм щагъусэм и деж, дэнэкӀэ щытми, мэхъу.

**7** Нанэрэ си анэмрэ гъуэгу техьэмэ, нанэщ, дауикӀ, ижьырабгъур зыӀыгъыр. Си адэмрэ си адэшхуэмрэ зэгъусэу зыщӀыпӀэ кӀуэн хуей хъумэ, дадэ ижьымкӀэ щытщ.

*Загъэхьэзырар*

***БЕКЪАН Масирэтщ***

*(КъыкӀэлъыкӀуэнущ)*







# «Амиксики Lan-D»

*«Амиксики Lan-D» — сабий театрыр къызэрызэрагъэпэщрэ мы гъэм илъэситху ирокъу. А зэман мащІэм кърихубыдэу уримыгушхуэнкІэ Іэмал имыІэу Іззагъэ къагъэлъэгъуащ.*

*Театрым и гъэсакІуэ Къул Даянэ игури и псэри етауэ сабийм яхэтщ. Б. М. Щукин и цІэр зезыхьэ институт цІэрыІуэм щІэныгъэ нэхъыщхьэ щызэригъэгъуэтауэ. Даянэ езыр режиссёрщ, уэрэджыІакІуэщ. Ар тепсэлъыхьащ «Амиксики» гупым, ди упщІэхэм жэуап къаритащ.*

***– ГъэсакІуэ лэжьыгъэм сытым ухуиша?***

СызэрыцІыкІурэ сценэр фІыуэ слъагъуурт. Псори дызэрыгушхуэ «Амикс» уэрэджыІакІуэ, джэгуакІуэ гупым я гъэсакІуэ си адэ-анэм сахудэплъейрт. Илъэс куэд ипэ мурад тщІащ сабий къетшалІэу дгъэсэну. Япэрауэ, сабийхэрщ ди къэкІуэныр зейр, етІуанэрауэ, ахэр уэрамым къыдэтшу, компьютерым, телефоным щыдгъэуну дыхъуапсэрт. Ди пщэдейр гурыхьу, дригушхуэу щытынумэ, ныбжьыщІэ цІыкІухэм я дежщ къыщыщІэдзэн хуейр. Сабийуэ цІыхум зыхилъхьа гъэсэныгъэр, хьэл-щэныр кІуэдыркъым.

***– Илъэситхум кърихубыдэу сыт хуэдэ зэхъуэкІыныгъэхэр фиІа?***

Театрым и ныбжьыр иджыри зыщІыпІи нэмысауэ жыпІэ хъунущ, ауэ ехъулІэныгъэхэр и мащІэкъым. Ди артист цІыкІухэм республикэ, къэралпсо зэпеуэхэм Іэзэу зыкъыщагъэлъагъуэ, увыпІэ нэхъыщхьэ яубыд. Артист ІэщІагъэ къыхэзыхыу «Амикс» театрым хыхьа куэди диІэщ.

***– Сабийр къызэрыхэфх щІыкІэр дауэ? Сытым хуэвгъасэрэ?***

«Амиксикхэм» цІыху пщыкІутху къокІуалІэ (илъэсих-пщыкІуплІ). Ахэр уэрэд жыІэным, джэгуным, къэфэным худогъасэ. Адэ-анэм къаша сабийм яхуэзэфІэкІым доплъ, лэжьыгъэ еттар зэрагъэзащІэм елъытауэ езыхэр къахыдох. Іэмал иІэххэмэ, зыми «хьэуэ» яжетІэркъым. Псори уэрэджыІакІуэ ящІыну къашэркъым адэ-анэм, цІыху хэтыкІэм, утыку итыкІэм хуагъэсэну зыфІэфІи къахокІ. Сабийхэри зэщхькъым, хэти кІуэрыкІуэу къохъулІэ, хэти нэхъ гугъу дохь. ЦІыхум бгъэдэлъ Ізэагъэр занщІэу наІуэ хъуркъым. Адыгэм псалъэжь диІэщ: «Уи гур зыхуеІэм уи Іэр лъоІэс», – жиІэу. Мы гупым сазэрыдэлажьэ илъэситхум сэ згъэунэхуащ, сабийм макъ имыІэу, укІытэу, адрейхэм нэхърэ нэхъ зэщІэулІауэ къыпщыхъуми, езыр хуейуэ къакІуэмэ, ищІэм и гур хыхьэмэ, мыщхьэхмэ къызэрыкІыу куэд зэрыхуэзэфІэкІынур.

***– Мыпхуэдэ сабий театрхэр сыткІэ сэбэп хъуфыну?***

ЗэрыцІыкІурэ сценэм зыщигъэлъэгъуэну мыукІытэу, къафэу, уэрэд жиІэу къыдэкІуэтея сабийр занщІэу къоцІыху и ІэпкълъэпкъкІэ дахэмкІэ, и псэлъэкІэмкІэ, и дуней тетыкІэмкІэ. Ар цІыху гупышхуэ яхыхьэну шынэркъым, и нэгур зэІухащ, сыт хуэдэ лъэныкъуэкІи ехъулІэныгъэр и куэдщ.

*Псом я нэхъапэр гъэсэныгъэрщ. Сабийр узыншэу, нэмысыфІэу, хабзэ зэрихьэу дгъэсэныр ди мурад нэхъыщхьэщ. Ар дэ лэжьыгъэшхуэу къыдолъытэ!*

***КІУРАШЫН Фатимэ***

*Іэщlагъэ пхуэхъунур къыхэх*

# ТЕСТ

*Таблицэр Іыхьитlу гуэшащ. Тlурытlхэм уигу нэхъ ирихьыр къыхэхи (+) дамыгъэкlэ къыхэгъэщ.*

| | |
|---|---|
| 1(а) Псэущхьэхэр зджыну | 1(б) Машинэ зезгъэкlуэну |
| 2(а) Сымаджэм сыдэlэпыкъуну | 2(б) Таблицэ зэхэслъхьэну |
| 3(а) Тхылъ седжэну | 3(б) Къэкlыгъэхэр зджыну |
| 4(а) Пхъэм (щэкlым, гъущlым) срилэжьэну | 4(б) Хьэпшып сщэну |
| 5(а) Щlэныгъэ тхылъ зджыну | 5(б) Художественнэ тхылъ седжэну |
| 6(а) Псэущхьэхэм сакlэлъыплъыну | 6(б) Сабий згъэсэну |
| 7(а) Сурэт сщlыну | 7(б) Хьэлъэзешэ машинэ зесхуэну |
| 8(а) Сыпсэлъэну | 8(б) Гъэлъэгъуэныгъэ къызэзгъэпэщыну |
| 9(а) Щыгъын здыжыну | 9(б) Тхыгъэ зэзгъэзэхуэжыну |
| 10(а) Псэущхьэхэр згъэхъужыну | 10(б) Сыбжэну |
| 11(а) Удз гъэгъа згъэкlыну | 11(б) Щlэ гуэр къэзгупсысыну |
| 12(а) Зэфlэнахэр зэгурызгъэlуэжыну | 12(б) Чертежхэр истхъэну |
| 13(а) Театр лэжьыгъэм сыкlэлъыплъыну | 13(б) Микробхэр къэсхутэну |
| 14(а) Дохутыр lэмэпсымэхэр зэзгъэзэхуэну | 14(б) Сымаджэр згъэхъужыну |
| 15(а) Отчет зэхэслъхьэну | 15(б) Художественнэ тхыгъэ зэхэслъхьэну |
| 16(а) Лабораторэм сыщылэжьэну | 16(б) Сымаджэм хущхъуэ хуэстхыну |
| 17(а) Блыным сытетхыхьыну | 17(б) Машинэ зэпкърыслъхьэну |
| 18(а) Сабийхэр театр, музей сшэну | 18(б) Сценэм сыщыджэгуну |
| 19(а) Унэ сщlыну | 19(б) Картэ зэхэзгъэувэну |
| 20(а) Удзым зэран хуэхъу хьэпщхупщхэр къэсхутэну | 20(б) Компьютерым срилэжьэну |

## *Жэуапхэр:*

(+) дамыгъэхэр таблицэм ебгъапщэурэ бжы. Нэхъыбэ зытехуэ Іыхьэм Іэщlагъэ къыщыхэх.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **УдзгъэкI**<br>**Биолог**<br>**Химик**<br>**Генетик**<br>**Мэзхъумэ**<br>**Іэщыхъуэ** | **УхуакIуэ**<br>**ЩIыщIагъ**<br>**лэжьакIуэ**<br>**Физик**<br>**Математик**<br>**Шофер**<br>**ПхъащIэ** | **ЕгъэджакIуэ**<br>**Дохутыр**<br>**Психолог**<br>**Хабзэхъумэ**<br>**ІэщIагъэлI**<br>**(юрист)** | **Экономист**<br>**Бухгалтер**<br>**Программист**<br>**Кассэм и**<br>**лэжьакIуэ** | **ТхакIуэ**<br>**УсакIуэ**<br>**УэрэджыIакIуэ**<br>**СурэтыщI**<br>**Режиссёр**<br>**КъэфакIуэ**<br>**ДжэгуакIуэ** |
| 1а | 1б | 2а | 2б | 3а |
| 3б | 4а | 4б | 5а | 5б |
| 6а | 7б | 6б | 9б | 7а |
| 10а | 9а | 8а | 10б | 8б |
| 11а | 11б | 12а | 12б | 13а |
| 13б | 14а | 14б | 15а | 15б |
| 16а | 17б | 16б | 19б | 17а |
| 20а | 19а | 18а | 20б | 18б |

*КIУРАШЫН Фатимэ*

ЦIЫКIУРАШ

# ГЪЭМАХУЭР – ГУФIЭГЪУЭЩ

**1.** Псалъэзэблэдзым ит псалъэмрэ бжыгъэхэмрэ тегъэщIапIэ фщIыи гъэмахуэм зи хъугъуэ пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ хадэхэкIхэмрэ къафщIэ.



| | | | | | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | | | | | | | | | | | |
| с | а | н | э | | | | | | | | | | | |
| 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | |
| дж | жь | м | кIу | хъ | къ | щ | б | о | л | ж | д | у | з | |
| 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 | 26 | 27 | 28 | 29 | 30 | 31 | 32 | 33 |
| ы | ф | п | ш | кI | тI | ч | I | ху | цI | фI | т | гъ | Iу | р |

**2.** Псалъэзэблэдзыр фщIы, мы гъэм «Нур» журналым и 4-нэ къыдэкIыгъуэм бжьэхэм теухуауэ тета псалъалъэр къэвгъэсэбэпурэ. Псалъэхэр тэмэму ифтхэмэ, адыгэ щIэныгъэлI цIэрыIуэм и унэцIэр къэфщIэнщ. СыткIэ епхауэ пIэрэ ар бжьэ гъэхъуным?





1. Мылажьэу бжьэхэм яхэс бжьэшхуэ.
2. Бжьэ джэдыкІэм кърищ шыр.
3. Фо зэрыщІаху Іэмэпсымэ.
4. Бжьэ лэжьакІуэ.
5. Безым иІэ напІэ.
6. Бжьэхэр матэм къызэрыдэкІ гъуанэ.

**3.** Псалъэзэблэдзым къыщывгъуэта щІэныгъэлІым и цІэмрэ и унэцІэмрэ мыбдеж ифтхэ. Абы теухуа тхыгъэ къэвгъуэти феджэ.

**4.** Безынэхэм ит псалъэхэр зэпывгъэувэурэ псалъэщІэ дапщэ къэвгъэхъуфын? ПсалъэщІэхэр ижьымкІэ щыфтх.




Зыгъэхьэзырар
***БЕКЪАН Масирэтщ***

Илъэсибгъу хъуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым ИнформатикэмкIэ институтым щокIуэкI «Псори сщIэну сыхуейщ» зэпеуэ. 2018–2019 гъэ еджэгъуэм щытекIуа еджакIуэхэр


Куэцэ Рамилэ,
Сэрмакъ къу., СОШ № 2


Пщыгъэущ Тимур,
Зеикъуэ къу.,
СОШ № 3


Куэцэ Миланэ,
Сэрмакъ къу., СОШ № 2


ЗэракIушэ Кристинэ,
Бахъсэнёнок къу.,
СОШ № 3


Жанджэрий Азнаур,
Шордакъ къу., СОШ № 1


Батыр Элинэ,
Дзэлыкъуэкъуажэ,
СОШ № 2


Уянаевэ Альбинэ,
Хьэбэз къу., СОШ № 1


БатI Даянэ,
Сэрмакъ къу., СОШ № 2


Къардэн Изабеллэ,
Сэрмакъ къу., СОШ № 1


Тохътэмыщ Дианэ,
Куба къу., СОШ № 2


Шыбзыхъуэ Iэдэм,
Зеикъуэ къу.,
СОШ № 2


*ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ ДЛЯ ДЕТЕЙ «НУР»*

Издается
С 1 января 1982 года
№ 6 2019 г.

Учредитель:
Государственное казённое учреждение Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»

И. о. главного редактора
*Б. М. АБРОКОВА*

Редатор
*П. ХАТУЕВ*

Редакционный совет:
*Х. КАРМОКОВ*
*Е. ТХАМОКОВА*
*Х. ТИМИЖЕВ*
*П. ХАТУЕВ*

Художественный редактор
*М. ХАЛИЛОВА*

Набор и вёрстка
*Н. РАСТОРГУЕВОЙ*

Корректор
*Ф. КУРАШИНОВА*

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникации по Кабардино-Балкарской Республике. Рег. ПИ № ТУ07-00125 от 11.01. 2018 г.

Подписано к печати 04.06. 2019 г.
Выход в свет 24.06.2019 г.

Формат 60х90 $^{1}/_{8}$
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Tolstyak. DrunkC, Comic Sans MS.
Печать офсетная
Усл. печ. л. 2
Усл. кр.- отт 8
Уч.- изд.л. 2,7

Тираж 2225 экз.
Заказ № 281
Индекс 73912

Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 14,63 руб.; за 6 мес.– 87,78 руб.



Адрес редакции:
360000, Нальчик,
пр. Ленина, 5.
Тел.: 42-17-53, 42-75-30
**nur.kbr1982@yandex.ru**



Адрес издателя: 360017, г. Нальчик, пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР-Медиа». Дом печати.

Отпечатано в типографии ООО «Тетраграф» 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 33.

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленного электронного оригинал-макета.